


Estati sitwayènte ak aksè ak swen medikal pandan COVID-19 la. Sa ou bezwen konnen.



Pandan pandemi COVID-19 la ap entansifye, li enpòtan pou w sonje COVID-19 la fè enpak sou tout moun Philadelphia. Viris la pa konn zafè nasyonalite ni sitiyasyon ak imigrasyon. Chak moun ta dwe chèche swen medikal lè li bezwen li.

Si w se yon imigran oswa refijye, ou fè fas ak defi ki diferan lè w ap aksede ak swen medikal. Malgre sa, ou gen dwa pou w jwenn swen medikal kèlkeswa sitiyasyon w ak imigrasyon oswa nivo Anglè ou. Lwa federal pwoteje enfòmasyon pèsònèl ou yo, epi ou kapab mande pou w gen yon entèprèt nan klinik ak lopital yo. Enfòmasyon ki pi ba yo abòde pwoblèm jeneral ki dekouraje moun yo chèche swen medikal lè yo bezwen li.

Èske yo pral refize ban m swen medikal si m pa yon sitwayen ameriken?

Non. Vil Philadelphia se yon vil ki akeyan. Sèvis minisipal tankou [Sant Sante Vil Philadelphia yo](#) disponib pou tout moun—kèlkeswa estati sitwayènte moun lan. Kote yo fè tès COVID-19 yo aksepte [PHL City ID](#), ki se yon kat idantite sekirize ki gen foto pou rezidan Philadelphia ki ka jwenn obstak pou yo jwenn lòt fòm idantifikasyon ofisyèl yo.

Lè w ap resevwa swen, lopital oswa doktè yo ka mande w yon pyès idantite ki gen foto. Se pou yo asire yo moun k ap resevwa swen an oswa preskripsyon an se moun y ap trete a. Si w pa gen yon pyès idantite ki gen foto, ou kapab di, “m bezwen swen medikal men m pa gen pyès idantite ki gen foto.”

Menm si w pa yon sitwayen ameriken oswa ou pa gen okenn asirans sante, ou kapab jwenn swen medikal. Vil Philadelphia ap kanpe dèyè sa.

Si m ap chèche swen medikal, èske enfòmasyon pèsònèl mwen yo ap an sekirite?

Wi. Lwa federal la entèdi pwofesyonèl sante yo pataje enfòmasyon pasyan an san konsantman pasyan an. Yon pwofesyonèl swen sante ka poze w kesyon sou sitiyasyon w ak imigrasyon si w ap aplike pou asirans sante. Men, lalwa pa egzije doktè yo siyale estati sitwayènte yon pasyan bay otorite imigrasyon federal yo. Ou kapab di tou, “Mwen pa elijib pou asirans sante epi m pa vle aplike pou li.”

Patnè nasyonal yo gen plis enfòmasyon sou [dwa ou genyen lè w ale kay doktè a](#) ki disponib nan [plizyè lang diferan](#). Sonje: Doktè yo pral trete ou kit ou gen asirans, lajan oswa dokiman imigrasyon kit ou pa gen yo.

Èske m kapab pran yon entèprèt nan lang mwen an si m ap chèche swen medikal nan Vil Philadelphia?

Wi. Sant Sante Vil Philadelphia yo wè tout moun, menm si w pa pale Anglè. Gen sèvis entèprèt ak sèvis tradiksyon ki disponib. Yo pa pral refize w paske w pa pale Anglè.

Èske m kapab mande yon entèprèt nan lang mwen an si m ap chèche swen medikal nan etablisman medikal ki deyò Sant Sante Vil Philadelphia yo?

Wi. Tout moun gen dwa resevwa swen medikal nan yon lang yo kapab konprann. Tit VI nan Lwa 1964 sou Dwa Sivil (Tit VI) se yon lwa federal ki pwoteje moun kont diskriminasyon ki chita sou ras, koulè oswa orijin nasyonal yo nan pwogram ak aktivite ki resevwa èd finansyèl nan men gouvènman federal la. Si w elijib pou Medicaid oswa ou benefisye sèvis nan men yon ajans sante oswa sèvis sosyal gouvènman federal la finanse, antite sa yo tou [pa kapab refize ou aksè nan pwogram yo oswa aktivite yo akòz ras ou, koulè w, oswa orijin nasyonal ou](#). Sa gen ladan pran mezi ki rezonab pou asire moun ki gen konpetans limite nan Anglè yo (limited English proficient, LEP) gen bonjan aksè nan pwogram oswa aktivite yo.

Si w santi yon lopital oswa klinik pa t pran mezi ki rezonab yo pou li asire w gen aksè oswa yon moun ou konnen gen aksè, ou kapab [depoze yon plent pou diskriminasyon](#) nan Biwo Dwa Sivil (Office for Civil Rights, OCR) Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ameriken.

E zafè responsablite piblik la? Èske lefètke m fè tès oswa resevwa tretman pou COVID-19 la, sa pral fè m pa kapab aplike pou yon kat rezidans (grinkat) oswa sitwayènte?

Non. [USCIS te anonse règ responsablite piblik yo pa pral aplikab pou moun ki fè tès COVID-19 yo](#). Sa gen ladan aksè ak swen sante atravè Medicaid, oswa lòt swen medikal ki gen pri redui ak klinik lokal yo.

USCIS te deklare tou [avantaj asirans chomaj yo](#) PA konte lè y ap detèmine responsablite piblik la. Avantaj chomaj yo se yon filè sekirite ki enpòtan pou moun COVID-19 la afekte yo. Tanpri [aplike](#) si w bezwen li.

Patnè nou yo nan [Sèvis Jiridik ki nan Kominote yo](#) gen plis enfòmasyon sou responsablite piblik

la, avantaj piblik yo ak COVID-19 la.

Kijan m kapab fè tès COVID-19 la nan vil Philadelphia?

Depatman Sante Piblik vil Philadelphia rekòmande pou moun ki gen sentòm COVID-19 yo, tankou lafyèv, tous sèk oswa souf kout fè tès pou depiste viris la. Si w gen difikilte pou w respire oswa ou bezwen swen tousuit, rele 911.

Si w panse ou ta dwe fè tès COVID-19 la, kontakte pwofesyonèl swen sante regilye w la oswa sistèm lopital kote ou te resevwa swen medikal dènye fwa a. Rele yo anvan yon fason pou yo kapab prepare si w oblije vini nan klinik lan.

Si w pa kapab fè tès la atravè pwofesyonèl swen sante regilye w la, Vil Philadelphia gen yon kote yo fè tès sou volan nan Citizens Bank Park. Tès la disponib pou moun ki gen sentòm yo epi ki swa gen plis pase 50 lane swa ki se travayè lasante. Kote yo fè tès la louvri chak jou apati 1è PM rive 6è PM si tan an pèmèt sa. Gen plis detay sou tès la ki disponib [la a](#).

Gen plis enfòmasyon ak konsèy sou COVID-19 la ki disponib nan plizyè lang sou entènèt nan [paj COVID-19 multi-language resources \(resous nan plizyè lang sou COVID-19 la\)](#), lè w rele Liy Èd pou Kowonaviris Gran Philadelphia a nan 1-800-722-7112, oswa lè w rele 311 epi lè w mande èd lang ou bezwen an.